



Pou Piblikasyon Imedya: 06/07/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE VIL NEW YORK RANTRE NAN FAZ III NAN RE-OUVÈTI A SAN MANJE ANDEDAN EPI LI SIJÈ A DIREKTIV ETA JODI A

Anonse Rejyon Mid-Hudson pral antre nan faz IV nan re-ouvèti a demen; Long Island sou wout pou antre nan faz IV nan re-ouvèti a mèkredi

Anonse DOH ap finalize direktiv sou posibilite pou lekòl la re-ouvri nan mwa septanm nan

Anonse kazino ak sal sinema yo rete fèmen pliske Gouvènman ap revize reyalite yo

Anile Fwa nan Eta New York pandan ete sa a nan mezi pou pran anpil prekosyon

Anonse Eta New York dwe fè rekòmandasyon endistriyèl sou sistèm lè kondisyon yo

Fè apèl ak Prezidan Trump pou rekonèt ke COVID-19 egziste epi li se yon pwoblèm

0,95 Pousan Tès yo Te Fè Yè pou COVID-19 yo te Pozitif

9 ka lanmò akòz COVID-19 nan Eta New York yè

Konfime 518 ka kowonaviris adisyonèl nan Eta New York - sa ki fè kantite total nan tout Eta a rive 397,649; gen nouvo ka nan 45 Konte

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Vil New York antre nan Faz III nan re-ouvèti a, san manje andedan epi li sijè a konsèy konplè eta a, jodi a. Rejyon Mid-Hudson lan pral antre nan Faz IV nan re-ouvèti a demen 7 jiyè. Long Island sou wout pou antre nan Faz IV nan dat mèkredi 8 jiyè.

Gouvènè a te anonse tou Depatman Sante Eta New York, an konsiltasyon avèk Komite Konsèy Edikasyon Reimagine ak lòt, ap finalize konsèy sou posib relouvri lekòl yo nan mwa septanm nan. Eta New York te deja mande tout distri lekòl yo pou devlope plan re-ouvèti yo. Yo pa ko pran yon desizyon pou re-ouvri lekòl nan mwa septanm nan.

Gouvènè Cuomo te anonse tou ke kazino ak sal sinema yo ap rete fèmen kounye a pliske gouvènman eta a ap kontinye revize syans ak reyalite sou re-ouvèti san danje pa yo.

Gouvènè a te anonse tou ke la pral anile Fwa Eta New York (New York State Fair) ete sa a nan mezi pou pran anpil prekosyon.

Gouvènè a te anonse tou ke Eta New York pral fè rekòmandasyon endistri sou itilizasyon teknoloji filtraj lè pou elimine potansyèl pwopagasyon COVID-19 atravè sistèm lè kondisyon yo. Kòm prèv yo parèt ke pwopagasyon COVID-19 lye plis nan transmisyon ayeryèn pase nan transmisyon zòn sifas, Eta New York ap etidye filtè yo, konpatibilite yo ak sistèm lè ki egziste deja, depans nan modifikasyon nan sistèm lè kondisyon ak lòt faktè yo.

Gouvènè Cuomo te fè apèl ak Prezidan Trump tou pou li rekonèt devan pèp ameriken ke COVID-19 egziste, l'ap ogmante epi li se yon pwoblèm grav, e ke chak Ameriken fè pati solisyon an. Gouvènè a te renouvle tou apèl li a bay Prezidan Trump lan pou li pote yon mask.

Gouvènè Cuomo te bay moun New York yo tou dènye enfòmasyon sou pwogrè Eta a pandan pandemi COVID-19 aktyèl la. Kantite nouvo ka, pousantaj tès ki te pozitif ansanm ak anpil lòt pwen done itil toujou disponib nan [forward.ny.gov](https://www.forward.ny.gov).

"Nou ap kontwole seryezman mezi yo sou re-ouvèti valv la pou wè si to enfeksyon an oswa to ospitalizasyon an ap moute, epi nou pral sere oswa lache valv la jan sa nesèsè tou depan de done yo. Si nou wè pik nan done yo oswa mank konfòmite, nou pral ralanti valv re-ouvèti a epi ajiste jan sa nesèsè", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Vil New York antre nan Faz III men li pa gen okenn manje andedan. Chif yo montre ke nou nan pozisyon kote nou vle ye a, men sa k'ap pase toupatou nan peyi a raple nou vivman ke nou bezwen kontinye rete pridan ak entelijan epi disipline - pa gen moun ki vle tounen nan lanfè ke nou te andire a."

Enfòmasyon jodi a yo rezime an brèf anba la a:

- **Kantite Pasyan Ki Ospitalize** - 817 (-15)
- **Pasyan ki Fèk Entène nan Lopital** - 45 (-9)
- **Lopital Konte yo** - 28
- **Kantite ICU** - 170 (-8)
- **Kantite ICU nan entibasyon** - 103 (-13)
- **Kantite Moun Total Yo Voye Lakay yo** - 71,040 (+72)
- **Kantite Lanmò** - 9
- **Kantite Lanmò Total** - 24,913

Sou 54,328 tès yo te reyalize nan Eta New York yè, 518, oswa 0,95 pousan, te pozitif. Pousantaj tès pozitif chak rejyon yo pandan twa dènye jou yo se jan nou pral site la a:

REJYON	VANDREDI	SAMDI	DIMANCH
Capital Region	0.90%	0.60%	1.00%
Central New York	1.40%	1.50%	1.70%
Finger Lakes	0.70%	0.90%	1.10%
Long Island	1.00%	0.80%	0.90%
Mid-Hudson	1.10%	0.80%	0.90%
Mohawk Valley	1.20%	1.10%	1.10%
New York City	1.40%	0.90%	0.90%
North Country	0.30%	0.60%	0.40%
Southern Tier	0.90%	0.30%	0.70%
Western New York	1.40%	0.70%	1.20%

Gouvènè a te konfime tou 518 nouvo lòt ka kowonaviris adisyonèl, sa ki bay yon total 397,649 ka ki konfime nan Eta New York. Nan total 397,649 moun ki te teste pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se jan nou pral site la a:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
Albany	2,160	8
Allegany	63	0
Broome	757	4
Cattaraugus	128	1
Cayuga	122	2
Chautauqua	134	2
Chemung	146	0
Chenango	156	6
Clinton	103	0
Columbia	477	2
Cortland	52	1
Delaware	91	0
Dutchess	4,246	3
Erie	7,500	25
Essex	49	1
Franklin	33	0
Fulton	262	1
Genesee	242	3
Greene	263	0
Hamilton	6	0
Herkimer	179	6
Jefferson	94	0
Lewis	31	0
Livingston	133	1
Madison	364	1

Monroe	3,974	21
Montgomery	120	1
Nassau	42,053	22
Niagara	1,290	6
NYC	217,216	247
Oneida	1,749	7
Onondaga	2,963	14
Ontario	282	2
Orange	10,781	6
Orleans	284	2
Oswego	206	0
Otsego	86	0
Putnam	1,337	1
Rensselaer	568	3
Rockland	13,656	8
Saratoga	572	6
Schenectady	838	4
Schoharie	59	0
Schuylar	13	0
Seneca	71	0
St. Lawrence	226	2
Steuben	271	1
Suffolk	41,685	43
Sullivan	1,457	1
Tioga	148	2
Tompkins	179	0
Ulster	1,840	6
Warren	272	3
Washington	247	1
Wayne	186	1
Westchester	35,084	41
Wyoming	97	0
Yates	48	0

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)